



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU MWA ISWTA NWA

"Jodi a reprezante kòmansman Mwa Istwa Nwa, yon moman pou tout Nouyòkè yo reflechi sou anpil kontribisyon kominote Nwa a ak batay kontinyèl pou ekite. Pandan nou rekonèt ak selebre wòl vital New York te jwe nan istwa Nwa, soti nan Renesans Harlem rive nan Mouvman Niagara, nou dwe angaje tèt nou ankò pou batay pou jistis rasyal - nan New York ak nan tout peyi a.

Tèm selebrasyon nasyonal ane sa a, 'Sante ak Byennèt Nwa', mande pou nou konfwonte reyalite rasis ak diskriminasyon Ameriken Nwa yo fè fas patikilyèman notab lè sa gen pou wè ak pwoblèm sante piblik yo. Pandan Eta New York ap rekipere anba pandemi COVID-19 la, n ap kontinye pouswiv ak kouraj yon seri aksyon ki pral redui oswa elimine disparite sante ki afekte negativman Nouyòkè Nwa yo, pou tout moun - kèlkeswa orijin rasyal oswa etnik lan - gen aksè ak sèvis yo bezwen pou yo rete an sante.

Pandan n ap travay pou elaji pwomès Eta nou an, li esansyèl pou nou pran tan pou nou onore eritaj ak akonplisman jenerasyon Nouyòkè Nwa yo tankou Harriet Tubman ak Sojourner Truth ki te fè travay di a ke nou dwe kontinye pouswit la - vè yon lavni ki pi jis ak pi ekite pou tout moun".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418